

Lis bagay pou fè pou enskripsyon



Pote dokiman sa yo lè w ap enskri pitit ou a lekòl:

- Dokiman pou pwouve laj pitit ou a** (batistè, paspò oswa dosye batèm li)
- Kat vaksinasyon pitit ou a** (si li disponib)
- Dènnye kanè/relvenòt pitit ou a** (si li disponib)
- De (2) nan prèv adrès ki pi ba a.**
Dokiman yo dwe genyen non w ak adrès ou.
 - Kontra lwaye, papye kay oswa papye ipotèk (mortgage)
 - Bòdwo sèvis piblik (gaz oswa elektrisite) yon konpayi voye (tankou National Grid, Con Edison, dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a)
 - Bòdwo pou sèvis kab televizyon kay la (dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a)
 - Dokiman oswa lèt ki soti nan yon ajans gouvènman (ki gen antèt ofisyèl), tankou Internal Revenue Service (IRS), NYC Housing Authority, Office of Refugee Resettlement, the Human Resources Administration, Administration for Children's Services (ACS), oswa yon ajans ki gen kontra avèk ACS (dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a)
 - Yon bòdwo taks kay resan
 - Yon bòdwo dlo (li pa dwe gen dat ki depase 90 jou)
 - Resi lwaye (li pa dwe gen dat ki depase 60 jou)
 - Yon pyès idantifikasyon gouvènman bay, tankou yon kat IDNYC (ki pa ekspire)
 - Fòm enpo sou revni (Income Tax) ane pase
 - Lisans oswa pèmi pou kondui ofisyèl Eta Nouyòk (ki poko ekspire)
 - Yon souch chèk oswa yon dokiman ofisyèl pewòl konpayi ki anplwaye w la tankou yon fòm ou te ranpli pou taks y ap pran sou ou oswa yon resi pewòl. Yon lèt travay ou sou papye antèt konpayi a pa sifi (dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a)
 - Dokiman enskripsyon votan
 - Dokiman manm asosyasyon kote w abite a, tankou asosyasyon katye (ki pa ekspire)
 - Prèv se ou ki responsab legal timoun lan, pami yo: lòd tribinal oswa dokiman ki rekonèt ou kòm responsab legal timoun lan (dokiman yo pa dwe gen dat ki plis pase 60 jou nan moman w ap prezante yo; yo dwe gen non timoun lan sou yo)

Remak pou elèv ki nan lojman tanporè

Elèv ki nan lojman tanporè, jan lwa McKinney-Vento defini li a, pa oblije bay dokiman (tankou adrès, prèv dat nesans, ak vaksen) pou yo ka enskri. Lekòl yo dwe fè aranjman pou yo enskri elèv la pwovizwaman epi apresya travay avèk kontak Lekòl Leta NYC pou elèv ki nan lojman tanporè yo, pou jwenn dokiman yo.